

United States Department of State

Washington, D.C. 20520

O non de Depatman Deta, se avèk anpil plezi map swete ou la byen veni nan peyi Eta Zini. Mwen espere wa va reyalize tout sa ou te espere reyalize lè ou vin viv isit.

Kòm ou ka deja konnen, lajan ki te peye transpòtasyon ou lan, se Depatman Deta ki te mete-l a la despozisyon International Organization for Migration (IOM). Gen youn papyè ou te siyen kote ou te promèt wap bay ajans ki te patrone ou lan United States Catholic Conference (USCC) youn kòb chak mwa. Lajan sa-a ap itilize pou remèt gouvènman Eta Zini an kòb li te depanse pou peye transpòtasyon ou lan. Gen youn bilten ki akonpaye lèt sa-a chaje ak enfòmasyon sou pwogram kap prete refije lajan pou yo vwayaje. Se USCC ki prepare bilten sa-a. Nan menm bilten sa a tou wap jwenn bon jan endikasyon sou ki jan pou peye dèt sa-a chak mwa. Kale je nou klè sou enfòmasyon sa yo epi mande ajans kap patrone ou la pou li ba rou bon jan eksplikasyon si gen de bagay ou pa konprann.

Sè jou si, gen youn digdal refije isit kou lòt bo dlo kap mande asistans nan men Gouvènman Meriken. Map mande ou pou ou fè jèfo peye dèt sa-a pi vit posib. Lè pwomès sa-a va kenbe pou kontinye voye kòb lan regilyèman chak mwa bay USCC, sa va pèmèt Gouvènman an kontinye sou roulib asistans finansyè bay refije kap rantre isit.

Nou kwè kare bare si tout refije fè jèfò pou kenbe pwomès peye dèt transpòtasyon an, sa va garanti ke dèt refije ki nan bezwen tou patou sou la tè, va gen menm opòtinite avè ou, pou vin chèche youn la vi miyò. Èske ou vle pote kole nan konbit sa-a pou ba nou jarèt an peyan dèt sa-a? Souple, swiv lendikasyon ki nan bilten an epi voye kòb lan bay USCC jan ou te pwomèt.

Sensèman,

Norman W. Runkles
Kontrolè
Biro pou Pwogram Refije

Creole